



Pou Piblikasyon Imedya: 19/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

“Yè, twa Sant Kominotè Jwif (Jewish Community Centers, JCCs) atravè New York te resevwa yon menas bonb anonim ki te sible etablisman sa yo. Ensidan sa yo sanble fè pati yon seri menas bonb resan pandan de dènye semèn ki sot pase yo ki sible JCCs toupatou nan peyi a. Administrasyon mwen an rantre an kontak dirèk ak toule twa etablisman sa yo epi nou te pwomèt yo kòperasyon konplè nou pou nou asire sekirite yo.

Lapolis Eta New York la ak ajans fòs lapolis lokal yo te reponn imedyatman, epi byenke yo te detèmine bonb lan pa te egziste vre, nou pap tolere okenn moun ki fè jan de menas sa yo – kelkeswa se yon fo menas oswa otreman – sa ki kontrè a lalwa. Lapolis Eta a pral travay ak patnè fòs lapolis federal ak lokal yo, epi nou pral fè tout sa nou kapab pou nou tradwi lajistis sila ki responsab yo sou tout mezi lalwa pèmèt.

Nou pa pral pèmèt okenn moun entimide oswa enspire lakrent nan Eta New York la. Nan moman difisil anpil sa yo, Nouyòkè yo rejte fòs diviziv lahèn ak entolerans yo. Nou pa pral pèmèt antisemitis oswa ensidan patipri yo rete san pini - pwen ba.”

*Nou ankouraje Nouyòkè ki fè eksperyans patipri oubyen diskriminasyon yo rele nan liy ijans gratis Divizyon Dwa Imen Eta New York la (New York State Division of Human Rights) nan (888) 392-3644 soti 9 è a.m. rive 5 è p.m. lendi - vandredi. Si w vle repòte yon krim oubyen krent pou sekirite w, rele 911 imedyatman.*

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418